

AKÒ ANTANT KOLEKTIF

Se tout pati ki konsène nan Pwosè ki dekri anwo a ki konkli Akò antant kolektif sa a antre yo. Moun sa yo se: Pleyan Lilian Pahola Calderon Jimenez, Luis Gordillo, Oscar Rivas, Celina Rivera, Lucimar de Souza, Sandro de Souza, Carmen Sanchez, Deng Gao, ak Amy Chen, nan non pwòp tèt yo ak tout Manm Pwosè Kolektif yo, ak Defandè Alejandro Mayorkas, Sekretè, Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS), Patrick Lechleitner, Wo Fonksyonè ki Okipe Fonksyon Direktè Imigrasyon ak Aplikasyon Lwa Ladwàn (ICE), Todd Lyons, Direktè Biwo Lokal, ICE, ak Joseph R. Biden, Prezidan Etazini an, nan kapasite ofisyèl yo, (yo tout ansanm refere nan dokiman an kòm, “Pati Konsène yo”), ke avoka yo jere nan non yo. Pati konsène yo konkli Akò sa a apati dat tout Pati Konsène yo siyen li a, epi li antre anvigè lè yo satisfè dispozisyon yo pou Dat Antre Anvigè a ki dekri nan Seksyon VII(A).

MOTIF YO

LÈ NOU KONSIDERE:

Nan dat 10 avril 2018, Pleyan yo te depoze yon petisyon nan Tribunal Distri Etazini pou Distri Massachusetts pou òdonans habeas corpus ak plent kolektif pou jwenn yon enjonksyon ak yon redrèzman deklarativa kont Defandè yo nan Pwosè Kolektif sa a, ki rele *Calderon et al. v Mayorkas, 1:18 -cv-10225*, nan non pwòp tèt yo ak tout lòt moun ki nan sitiyasyon parèy yo. Pleyan yo te soulve kat akizasyon prensipal nan non kolektif ki konsène a, yo te soulve akizasyon aretasyon ak menas aretasyon defandè yo te fè kont manm pwosè kolektif yo te fèt nan fason ki (1) te vyole Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite ak regilasyon ki aplikab li yo; (2) te vyole dwa yo dapre Kloz sou Regilarite Pwosedi ki nan Senkyèm Amannman Konstitisyon Etazini an; (3) kote se animozite ki baze sou ras ak peyi kote moun soti an vyolasyon Kloz Pwoteksyon Egalego Konstitisyon Etazini an ki te motive yo; epi(4) ki te abitrè ak kaprisye dapre Lwa sou Pwosedi Administratif la.

Nan dat 17 me 2019, Tribunal la te sètifye de pwosè kolektif dapre Règ Federal sou Pwosedi Sivil la seksyon 23(b)(2). Nan kad Premye, Twazyèm ak Katriyèm Akizasyon Prensipal ki nan Plent lan, Tribunal la sètifye yon pwosè ki konsène “Nenpòt sitwayen ameriken ak mari oswa madanm li genyen ki pa sitwayen ameriken (1) ki gen yon lòd final pou kite teritwa epi ki pa te kite Etazini anba lòd sa a; (2) ki se benefisyè yon demann I-130, ki se Petisyon pou Fanmi Etranje, mari oswa madanm sitwayen ameriken an te depoze nan non li; (3) ki pa ‘inelijib’ pou yon egzansyon pwovizwa dapre lwa 8 C.F.R. § 212.7 (e)(4) (i) oswa (vi); ak (4); ki nan jiridiksyon Biwo Lokal Imigrasyon ak Aplikasyon Lwa Ladwàn - Aplikasyon Lalwa ak Operasyon (‘ICE-ERO’) ki nan Boston, ki gen ladan Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire, ak Maine.” Nan kad Dezyèm Akizasyon Prensipal nan Plent lan, Tribunal la sètifye yon pwosè kolektif ki konsène “Nenpòt sitwayen ameriken ak mari oswa madanm li genyen ki pa sitwayen ameriken ki (1) gen yon lòd final pou 1 kite teritwa epi ki pa te kite Etazini anba lòd sa a; (2) se benefisyè yon demann I-130, ki se Petisyon pou Fanmi Etranje ki annatant oswa ki apwouve, ak yon demann I-212, ki se Aplikasyon pou Mande Pèmisyon pou Reyaplike pou Rantre Etazini apre Depòtasyon oswa apre yon lòd pou Kite Teritwa ki apwouve sou kondisyon; (3) ‘pa elijib’ pou yon egzansyon pwovizwa anba 8 CFR. § 212.7(e)(4)(i) oswa (vi); ak (4) ki nan jiridiksyon Biwo

Lokal Imigrasyon ak Aplikasyon Lwa Ladwàn - Aplikasyon Lalwa ak Operasyon ('ICE-ERO') ki nan Boston, ki gen ladan Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire, ak Maine)."

Pati konsène yo te òganize diskisyon ak negosyasyon san patipri pou yo ka rezoud tout pwoblèm ki konsène dispit la. Pati konsène yo kwè Akò sa a jis, konvenab, epi antant rezonab pou Pwosè sa a epi yo te rive konkli Akò sa a apre anpil negosyasyon san patipri te fèt. Avoka Pwosè Kolektif la yo te konkli ke modalite ak kondisyon yo ki nan Akò sa a nan pi bon enterè Pleyan yo ak Manm Pwosè Kolektif la yo. Anplis de sa, Akò sa a nan enterè piblik la, paske li evite yo detounen plis resous prive ak gouvènman yo pou jere pwosè konfliktyèl. Apre yo fin konsidere faktè sa yo, ansanm ak risk pou kontinye gen plis pwosè, Pati konsène yo te dakò regle alamyab nan fason ak anba kondisyon yo ki tabli nan Akò sa a.

KOUNYE A, POU REZON SA YO, epi avèk dokiman sa a Pati Konsène yo, pa mwayen avoka respektif yo PRESIZE AK DAKÒ, sou rezèv apwobasyon Tribunal la dapre Règ Federal sou Pwosedi Sivil seksyon 23(e) a, an konsiderasyon avantaj Pati Konsène yo ka benefisiye grasa Akò sa a, ke Akò sa a konstitye yon antant ki konplè, jis, ak global nan kad Pwosè Kolektif sa a, sou rezèv modalite ak kondisyon yo ki annapre la:

I. DEFINISYON YO:

- A. **"Pwosè sa a"** vle di pwosè sivil ki titre, *Calderon et al. v Mayorkas*, 1:18-cv-10225, nan Tribunal Distri Etazini pou Distri Massachusetts.
- B. **"Akò sa a"** vle di Akò Antant sa a.
- C. **"Manm pwosè kolektif ki pa sitwayen ameriken" oswa "Manm pwosè kolektif yo ki pa sitwayen ameriken"** vle di nenpòt mari oswa madanm yon sitwayen ameriken genyen ki pa sitwayen ameriken (1) ki gen yon lòd final pou 1 kite teritwa epi ki pa te kite Etazini anba lòd sa a, (2) ki se benefisyè yon demann I-130, ki se Petisyon pou Fanmi Etranje, ki annatant oswa ki apwouve, ke mari oswa madanm sitwayen ameriken an depoze nan non li, (3) ki pa elijib pou yon egzansyon pwovizwa dapre 8 C.F.R. § 212.7 (e)(4)(i) oswa (vi), ak (4) ki abite oswa fòs lapolis kenbe nan gadavi nan limit jiridiksyon ICE ERO Boston (ki gen ladan Massachusetts, Rhode Island, Connecticut, Vermont, New Hampshire, ak Maine).
- D. **"Manm Pwosè Kolektif" oswa "Manm Pwosè Kolektif yo"** vle di nenpòt sitwayen ameriken ak mari oswa madanm li ki pa sitwayen (1) ki gen yon lòd final pou 1 kite teritwa epi ki pa te kite Etazini anba lòd sa a, (2) ki se benefisyè yon demann I-130, ki se Petisyon pou Fanmi Etranje mari oswa madanm sitwayen ameriken an te depoze nan non li, (3) ki pa elijib pou yon egzansyon pwovizwa anba 8 C.F.R. § 212.7 (e)(4)(i) oswa (vi), epi (4) ki abite oswa yo kenbe nan gadavi nan jiridiksyon ICE ERO Boston (ki gen ladan Massachusetts, Rhode Island,

Connectmont, New Hampshire, ak Maine).

E. “Mezi Egzekisyon” oswa “Mezi Egzekisyon yo” vle di:

1. Lè Boston ERO arete yon (plizyè) moun presi kote Boston ERO konnen idantite yo anvan arestasyon an, oswa se premye desizyon Boston ERO pran pou kenbe yon moun yo arete nan detansyon;
2. Desizyon Boston ERO pran pou kontinye kenbe yon moun nan detansyon ICE apre (a) Pwosesis Egzamen Gadavi Apre Lòd la oswa (b) Boston ERO aprann ke moun nan se yon Manm Pwosè Kolektif la;
3. Boston ERO mande pou yon moun kite Etazini eksepte pou li ale nan yon entèvyou pou viza imigran apre yo apwouve yon Fòmilè I- 601A, ki se Aplikasyon pou Egzansyon Pwovizwa pou Prezans Ilegal; oswa
4. depòte yon moun.

F. “Fonksyonè nivo DFOD” vle di Direktè Adjwen Biwo Lokal, Direktè Biwo Lokal, oswa yon moun ki gen otorite ki pi wo oswa ki ekivalan k ap aji nan kapasite yon Direktè Adjwen Biwo Lokal.

G. “Boston ICE ERO” oswa “Boston ERO” vle di Biwo Imigrasyon ak Sèvis Ladwàn Etazini (ICE), Operasyon Aplikasyon Lalwa ak Depòtasyon (ERO) yo atribiye anba jiridiksyon Boston lan ki gen ladan Massachusetts, Maine, Vermont, New Hampshire, Connecticut, ak Rhode Island.

H. “ICE OPLA” oswa “OPLA” vle di ICE, Biwo Konseye Jiridik Prensipal (OPLA).

I. “USCIS” vle di Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini.

J. “Tribinal” pral vle di Tribunal Distri Etazini pou Distri Massachusetts.

K. “Avoka Pleyan yo” oswa “Avoka Kolektif la” vle di WilmerHale, American Civil Liberties Union of Massachusetts, and Kathleen Gillespie.

L. “Avoka Defandèyo” vle di Depatman Jistis Etazini, Divizyon Sivil, Biwo Pwosè Imigrasyon – Seksyon Tribunal Distri a.

M. “Pati Konsène” oswa “Pati Konsène yo” vle di Pleyan yo ak Defandè yo.

N. “Pleyan ki Nonmen yo” vle di Lilian Pahola Calderon Jimenez, Luis Gordillo, Lucimar de Souza, Sandro de Souza, Carmen Sanchez, Oscar Rivas, Celina Rivera Rivas, Deng Gao, ak Amy Chen.

O. “Pleyan yo” vle di Pleyan ki Nonmen yo ak Manm Pwosè Kolektif la yo.

- P. “**Defendè yo**” vle di Patrick Lechleitner, Wo Fonksyonè ki Okipe Fonksyon Direktè Imigrasyon ak Aplikasyon Lwa Ladwàn (ICE), Alejandro Mayorkas, Sekretè, Depatman Sekirite Enteryè; Todd Lyons, Direktè Biwo Lokal, Aplikasyon Lalwa Imigrasyon ak Ladwàn, ak Joseph R. Biden, Prezidan Etazini an.
- Q. “**ICE ERO**” vle di biwo Aplikasyon Lalwa Imigrasyon ak Ladwàn Etazini, Operasyon Aplikasyon Lalwa ak Depòtasyon.

II. MOSYON POU RELOUVRI

- A. Avoka ICE OPLA yo ki resevwa demann mosyon pou relouvri ak rejte yo pral egzamine chak demann sou yon baz ka pa ka epi yo pral rantre pa prezonpsyon nan mosyon pou relouvri ak rejte Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken yo ki respekte kondisyon yo ki nan Seksyon II(B) a depoze *epi* ki demonstre yo elijib *prima facie* pou swa pa mwayen (a) pwosesis konsila kote yo itilize Fòmilè I-601A a, oswa (b) ajisteman estati. Avoka ICE OPLA yo ka rejteze rantre nan yon mosyon pou relouvri pou yon Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken ki te satisfè kondisyon yo ki nan paragraf sa a ak II(B) si ICE detèmine, selon jijman li ki baze sou yon egzamen konplè tout reyalite ak sikontans yo, ke yon moun (1) se yon menas pou sekirite piblik, tipikman akòz konduit kriminèl grav; (2) se yon menas pou sekirite nasyonal; oswa (3) te angaje nan fwòd ki konsène avantaj imigrasyon yo ki grav oswa se yon moun ki vyole lwa imigrasyon plizyè fwa.
- B. Demann pou rantre nan mosyon pou relouvri ak rejte yo ke Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken yo depoze dwe respekte kondisyon sa yo:
1. Demann lan dwe gen ladan yon kopi Fòmilè I-130 yon Konjwen ki se yon sitwayen ameriken te depoze nan USCIS ak prèv rezidans nan swa Massachusetts, Maine, Connecticut, New Hampshire, Rhode Island oswa Vermont;
 2. Demann lan dwe gen ladan (a) yon kopi yon Fòmilè I-601A ranpli ak dokiman sipò ke Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an gen entansyon depoze, oswa (b) prèv ki montre li kalifye pou ajiste estati ak yon kopi Fòmilè I-485 ki ranpli ak dokiman sipò ke Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an gen entansyon depoze;
 3. Demann lan dwe gen ladan yon deklarasyon Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an fè ki konfime (a) li gen entansyon pou kite Etazini pa mwayen pwosesis konsila apre USCIS apwouve Fòmilè I-601A a, oswa (b) li gen entansyon pou l mande pou l ajiste estati l devan USCIS; epi
 4. Demann lan ta dwe idantifye aplikan an kòm yon Manm Pwosè Kolektif la, yo dwe depoze li nan biwo lokal OPLA ki gen jiridiksyon sou lòd pou depòte Manm Pwosè Kolektif la, epi yo dwe respekte nenpòt pwosedi operasyon estanda ki aplikab nan biwo lokal OPLA a, ki gen ladan men pa

sèlman ranpli fòmilè bakgwound tchèk oswa ranpli fòmilè nòmalize.

- C. ICE OPLA pral konsidere Manm Pwosè Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken yo ki gen lòd depòtasyon yo *an absans* annakò avèk Seksyon II(A) a. ICE OPLA p ap rejteze yon demann pou rantre nan yon mosyon pou relouvri ak rejte ki baze sou inadmisibilite potansyèl dapre Lwa sou Imigrasyon ak Nasionalite (INA) § 212(a)(6)(B) a.

III. MEZI EGZEKISYON YO

- A. Boston ERO pral pran Mezi Egzekisyon kont Pleyan oswa Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken yo ki Nonmen yo sèlman apre yo fin konsidere toude sa yo (a) Fòmilè I-130 petisyon pou viza mari oswa madanm moun ki se sitwayen ameriken an depoze nan non li, kalifikasyon moun ki pa Sitwayen Ameriken an pou 1 depoze yon Fòmilè I-212, ak kalifikasyon li pou 1 depoze yon Fòmilè I-601A, ak (b) detèmine, an tout bòn fwa ak baze sou reyalite yo ki nan ka Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an, ke Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an reprezante yon menas pou sekirite publik oswa yon menas pou sekirite nasyonal. Boston ERO pral konsidere souseksyon (a) ak (b) dapre paragraf sa a nan chak Mezi Egzekisyon pou yon moun yo konnen ki se Manm Pwosè Kolektif la.
- B. Boston ERO pral deziyen yon anplwaye pou sèvi kòm pwen kontak pou Pleyan yo Nonmen yo ak Manm Pwosè Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken yo ki vle soumèt yon Fòmilè I-246, ki se Demann pou Sispenn Depòtasyon oswa Ekspilsyon, pou mete yo sou yon lòd siveyans, ak/oswa jwenn prèv ki montre yo respekte lòd siveyans lan. ICE dwe bay prèv ki montre yon Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken respekte lòd siveyans li an si Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an mande sa a.
- C. Boston ERO p ap depòte yon Pleyan oswa yon Manm Kolektif ki pa Sitwayen Amerike nan Etazini, oswa mande yon manm kolektif pou 1 kite Etazini, sof si yon Fonksyonè Nivo DFOD te apwouve enstriksyon pou depòtasyon oswa depa apre li fin bay konsiderasyon an epi fè detèminasyon ki nesesè dapre Seksyon III(A) a.
- D. Boston ERO pral kontinye detèmine si yon moun ki pa sitwayen Ameriken se yon Manm Kolektif la baze sou enfòmasyon Boston ERO genyen ki disponib nan sistèm elektwonik li yo nan premye detèminasyon pandan 1 nan gadavi ak detèminasyon ki fèt sou gadavi a apre yo bay lòd la.
- E. Yon fonksyonè nivo DFOD dwe apwouve, apre konsiderasyon ak detèminasyon ki nesesè nan Seksyon III(A), nenpòt desizyon pou arete, kenbe nan gadavi okòmansman, oswa kontinye kenbe yon Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken, ki gen ladan Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken so yo ki dekouvre yo se Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken apre premye desizyon detansyon yo.

- F. Direktè Biwo Boston ERO a dwe apwouve alekri, arrestasyon yon Pleyan yo Nonmen oswa yon Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken Boston ERO te fè pou fè respekte lwa imigrasyon Etazini nan yon biwo USCIS oswa Sant Sipò pou Aplikasyon nan jiridiksyon Boston ERO a, sof si deseri sikontans egzijan anpeche li apwouve l alekri davans nan ka sa a, yo otorize apwobasyon vèbal. Akò pou tèm sa a pa dwe entèprete nan okenn fason kòm yon konsesyon ke arrestasyon nan yon biwo USCIS pou ankouraje yon efò lejitim pou fè respekte lalwa mande pou yon pwosesis adisyonèl pi lwen pase kondisyon yo nan Akò sa a, oswa yo otreman sijè a revizyon entansifye.
- G. ICE ERO pa dwe transfere yon Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken, ki nan gadavi dapre otorite ICE pou fè respekte lwa imigrasyon Etazini, andeyò jiridiksyon Boston ERO sof si Boston ERO te respekte egzijans yo ki nan Seksyon III(E), epi yon fonksyonè nivo DFOD te detèmine ke depòtasyon an apwopriye dapre Seksyon III(C) a. Yon transfè pa ka fèt nan bi pou evite kondisyon ki nan Akò sa a.

IV. PETISYONÈ YO NONMEN YO

- A. ICE dakò pou l rantre nan mosyon pou relouvri ak rejte nan non Pleyan yo Nonmen, Deng Gao, ki anekse kòm Schedule A nan akò sa a nan 30 jou oplita apre dat Akò a antre anvigè.
- B. USCIS dakò pou deside sou Fòmilè I-601A Pleyan yo Nonmen, ki rele Lucimar de Souza Nimewo Resi YSC2390028584, nan trant (30) jou oplita apre dat akò sa a antre an vigè eksepte ke, si USCIS Mande pou Bay Prèv, USCIS dwe deside sou aplikasyon an nan swasant (60) jou oplita apre li resevwa yon repons pou Demann pou bay Prèv la.

V. RAPÒTE

- A. Defandè yo dwe enfòme Avoka Kolektif la de nenpòt Mezi Egzekisyon yo pran kont yon Pleyan yo Nonmen oswa Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken, ak sou nenpòt desizyon pou depòte yon Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken, nan senk (5) jou ouvrab oplita apre nenpòt Mezi Egzekisyon. Notifikasyon sa a dwe gen ladan (1) Non, (2) Yon Nimewo, (3) Peyi Sitwayènte Manm Kolektif ki pa Sitwayen Ameriken an, ak (4) Avoka ki te depoze yon fòmilè G-28 nan Boston ERO. Nan ka nenpòt Pleyan oswa Manm Kolektif ki pa sitwayen ameriken ke Boston ERO te arete oswa kenbe nan gadavi nan USCIS oswa nan yon Sant Sipò pou Aplikasyon, notifikasyon sa a yo voye bay Avoka Kolektif la dwe note tou ki kote arrestasyon an fèt oswa detansyon an ye. Omwen senk (5) jou ouvrab anvan yo pral depòte Pleyan yo nonmen an oswa Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken an oswa dat yo te mande l pou l kite teritwa a, Defandè yo dwe bay Avoka Kolektif la yon deskripsiyon byen kout ki dekri konsiderasyon li te ranpli dapre Seksyon III(A) nan Akò sa a. Lè Avoka Kolektif la mande, Defandè yo pral bay kopi ki konsène avi pou egzamine gadavi apre lòd la ak desizyon ki pran konsènan

egzamen gadavi apre lòd yo referanse nan 8 C.F.R. § 241.4 pou Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken yo detni yo. Lòd Pwoteksyon Pati Konsène yo Presize a (ECF No 316) dwe kouvri tout rapò ki anba seksyon sa a.

VI. FÈ RESPEKTE AKÒ SA A

- A.** Sijè a Seksyon VI(B), Pleyan yo Nonmen oswa Manm Kolektif yo ka pran desizyon pou prezante yon Mosyon pou Egzekite Akò sa a nan Tribunal Distri Etazini pou Distri Massachusetts sèlman apre yo fin respekte dispozisyon rezolisyón konfli yo nan Seksyon VI(C). Pleyan yo ka prezante yon mosyon pou egzekite Seksyon II-III nan Akò sa a sèlman an favè yon Pleyan yo Nonmen oswa yon Manm Kolektif la. Tribunal la dwe konsève jiridiksyon pou bay soulajman ki apwopriye, ki ka gen ladan liberasyon, lè li ap pran desizyon sou yon Mosyon pou Egzekite ki akize ke yo te detni yon Pleyan yo Nonmen endividiyèl oswa yon Manm Kolektif la an vyolasyon Seksyon III apre yo fin konsidere repons Defandè yo, si genyen, a yon mosyon konsa.
- B.** Tribunal la dwe konsève jiridiksyon pou bay lòd konsènan Seksyon II ak/oswa III nan Akò sa a sèlman jan sa konsène yon Pleyan yo Nonmen endividiyèl oswa Manm Kolektif Ki Pa Sitwayen Ameriken ki respekte pwosedi rezolisyón konfli yo ki nan Seksyon VI(C) a. Pati konsène yo dakò ke, pou rezon egzekisyón Akò sa a, Tribunal la pa dwe bay okenn lòd ki egzije konfòmite ak dispozisyon Seksyon II-III nan Akò sa a jan sa aplike pou kategori Manm Kolektif Ki Pa Sitwayen Ameriken yo. Nenpòt lòd ki egzije pou respekte dispozisyon yo ki nan Seksyon III nan Akò sa a dwe limite a adrese ka Pleyan espesifik yo nonmen an oswa Manm Kolektif ki pa sitwayen Ameriken y ap prezante ki konsène yo devan Tribunal la. Tribunal la pa dwe gen jiridiksyon pou bay lòd konsènan Akò sa a ki ta vyole lwa 8 USC § 1252(f)(1).
- C. Pwosedi Rezolisyón Konfli yo:**
1. Si Pleyan yo kwè ke Defandè yo pa te reyisi respekte kondisyon yo ki nan Akò sa a, Pleyan yo dwe voye yon avi alekri bay Defandè yo dèke posib pou soulve pwoblèm lan.
 2. Defandè yo dwe rankontre ak diskite ak Pleyan yo sou pwoblèm sa a nan senk (5) jou ouvrab apre notifikasiyon ekri a si Defandè yo deside detni oswa depòte yon Manm Kolektif Ki Pa Sitwayen Ameriken, oswa nan dis (10) jou ouvrab oplita apre notifikasiyon ekri a pou tout lòt pwoblèm anba Akò sa a.
 3. Si konfli a pa ka rezoud nan senk (5) jou ouvrab oplita pou zafè detansyon ak depòtasyon, oswa nan dis (10) jou ouvrab pou tout lòt pwoblèm, apati dat rankont pou diskisyón an, Pleyan yo ka prezante yon mosyon pou egzekite kondisyon Akò sa a pa mwayen yon Mosyon pou Egzekite, dapre

dispozisyon yo ki nan Seksyon VI(A) a.

- D. Pati konsène yo dwe fè tout sa yo kapab nan tout bòn fwa pou yo itilize pwosedi rezolisyón konfli yo ki endike anwo a nan Seksyon VI(C) a. Men, nan ka yon konfli an bòn fwa sou si wi ou non yo te byen swiv pwosedi rezolisyón konfli yo dapre Seksyon VI(C) a, konfli sa a pa dwe anpeche Pleyan yo prezante yon Mosyon pou Egzekite anba Seksyon VI(A) a, epi Tribunal la ka deside, kòm yon pati nan Mosyon pou Egzekite a, si Pati konsène yo te byen konfòme yo avèk pwosedi rezolisyón konfli yo ki nan Seksyon VI(C) a. Nan yon ka kote Pleyan yo te respekte dispozisyon yo ki nan Seksyon VI(C)(1) an epi yo kwè nan fason rezonab ke ICE pral depòte Manm Kolektif Ki Pa Sitwayen Ameriken an nan mwens pase senk (5) jou ouvrab, Pleyan yo oswa yon Manm Kolektif Ki Pa Sitwayen Ameriken an dwe toujou pran devan pou kòmanse epi patisipe nan pwosedi rezolisyón konfli yo, men yo ka chèche mande Tribunal la pou fè respekte akò a anmenmtan sòf si ICE dakò pou ranvwaye depòtasyon an pou pèmèt yo rezoud konfli a anvan depòtasyon.

VII. EFKASITE

- A. Akò sa a ap vin oblijan epi l ap antre anvigè (“Dat li Antre Anvigè”) apre (1) Pati konsène yo fin siyen Akò a, (2) Tribunal la apwouve Akò a jan sa prevwa nan Règ 23(e) nan Règ Federal sou Pwosedi Sivil la, ak (3) Pleyan yo fin depoze yon mosyon pou anile sou tout rezèv dapre Seksyon VII(C) a.
- B. Eksepte pou Seksyon II ki anwo a, Akò sa a ap rete anvigè pou yon peryòd de (2) ane apati Dat li Antre Anvigè a. Seksyon II a ap rete anvigè jiskaske ICE reponn a demann yo soumèt a tan pou rantre nan mosyon pou relouvri dosye yo ki byen depoze devan ICE OPLA nan yon peryòd de (2) ane apati Dat li Antre Anvigè a epi an konfòmite ak Seksyon II, swa pa rantre nan mosyon korespondan yo pou relouvri oswa rejteze fè sa apre egzamen reyalite ak sikontans endividyle ka a.
- C. Nan senk (5) jou ouvrab oplita apre Tribunal la apwouve Akò sa a, Pleyan yo pral depoze yon mosyon pou rejte Pwosè sa a sou tout rezèv.

VIII. FRÈ AK DEPANS AVOKA YO

- A. Pati konsène yo dakò pou yo peye pwòp depans ak frè yo ki konsène pwosè sa a. Pleyan yo ekspreseman renonse a nenpòt ak tout reklamasyon yo ki ka genyen dapre Lwa sou Aksè Egalego a Lajistis, 28 USC § 2412.

IX. DISPOZISYON ANPLIS YO

- A. **Tout Akò a; Pa gen Modifikasyon Oral.** Tèm ak kondisyon ki tabli nan Akò sa a konstifye deklarasyon konplè ak eksklizif nan Akò sa a ant Pati konsène yo konsènan sijè ki trete nan kad Akò sa a, kote yo ranplase tout negosyasyon ak antant ki te fèt anvan yo, epi okenn prèv sou okenn antant ki te fèt anvan oswa k ap fèt anmenmtan pa ka kontredi. Pati konsène yo genyen entansyon tou pou Akò sa a

konstitye deklarasyon konplè ak eksklizif nan kondisyon ki ladan li yo ant Pati konsène yo, epi okenn prèv ekstèn pa dwe prezante nan okenn pwosedi jidisyè oswa lòt pwosedi, si genyen, ki enplike entèpretasyon Akò sa a. Nenpòt amandman oswa modifikasyon ki fèt nan Akò sa a dwe fèt alekri epi Avoka Pleyan yo ak Avoka Defandè yo siyen li.

- B. **Konsèy Avoka.** Detèminasyon kondisyon yo ak redaksyon Akò sa a fèt anba yon antant mityèl apre negosyasyon, ak konsiderasyon ak patisipasyon tout Pati konsène yo ak avoka yo. Byenke tout Pati konsène yo kontribye sibstansyèlman ak materyèlman nan preparasyon Akò sa a, yo pa dwe entèprete l nan fason ki pi sevè kont yon Pati pase yon lòt.
- C. **Akò Oblijan.** Akò sa a dwe oblijan epi l ap nan avantaj eritye, siksesè, ak mandatè chak Pati konsène.
- D. **Pa gen renonsyasyon.** Yo pa dwe konsidere renonsyasyon nenpòt Pati konsène fè sou nenpòt dispozisyon oswa vyolasyon Akò sa a kòm yon renonsyasyon sou okenn lòt dispozisyon oswa vyolasyon Akò sa a.
- E. **Kondisyon pou egzekisyon.** Akò sa a ap valab epi oblijan pou Pleyan yo ak Defandè yo lè (1) reprezantan otorize Defandè yo siyen l, (2) yon reprezantan otorize chak kabinè avoka ki defini kòm Konsèy Pleyan yo siyen l kòm fòmèlman aksepte, epi (3) satisfaksiyon dispozisyon “Dat Li Anvigè” nan Seksyon VII(A).
- F. **Reprezantasyon yo ak Garanti yo.** Chak moun ki siyen dokiman sa a reprezante ak garanti ke moun sa a gen otorite pou angaje Pati li ap aji pou li a.
- G. **Egzekisyon nan plizyè egzanplè.** Akò sa a ap antre anvigè lè yo satisfè dispozisyon Dat Li Antre Anvigè ki nan Seksyon VII(A) a. Pati yo ka siyen Akò sa a nan plizyè egzanplè ak/oswa pa faks oswa nan imel, epi egzekisyon nan plizyè egzanplè a ap gen menm valè ak efè tankou si tout Pati konsène yo te siyen menm dokiman an.
- H. **Pwolonjman delè.** Pati konsène yo rezève dwa a, selon antant mityèl ak akò Tribunal la, pou bay nenpòt pwolonjman delè rezonab ki ta ka nesesè pou egzekite dispozisyon nan Akò sa a.
- I. **Chwa lejislasyon.** Akò sa a pral dirije epi entèprete annakò ak lwa federal nan Etazini Damerik.
- J. **Pa gen konsesyon.** Akò sa a, kèlkeswa si yo siyen l ou pa, ak nenpòt pwosedi ki fèt dapre li pa vle di Defandè yo admèt okenn neglijans oswa move konduit, epi yo pa dwe entèprete li kòmsi Defandè yo konsede okenn reklamasyon Pleyan yo oswa Manm Kolektif yo fè nan pwosè sa a. Lè Tribunal la apwouye vèsyon final Akò sa a, epi sof si yo prevwa nan lòt fason nan dokiman sa a, chak Pleyan ak Manm Kolektif nan non pwòp tèt yo; eritye yo, ekzekitè yo, administratè yo, reprezantan yo, avoka yo, siksesè yo, ajan yo, afilye yo, ak patnè yo; ak nenpòt moun yo reprezante, dakò pou retire responsablite sou Etazini Damerik ak tout Defandè yo,

ki gen ladan sou-ajans yo, ofisyè yo, ajan yo, anplwaye aktyèl ak ansyen anplwaye yo, ak kontraktè yo nan tout reklamasyon Pleyan yo fè nan Pwosè sa a. Eksepte jan sa presize nan Seksyon IV(B) a, yo pa dwe entèprete anyen nan Akò sa a pou dikte, kontwole, oswa anpeche okenn jijman, pwoesisis, detèminasyon, oswa rezulta nan USCIS oswa Depatman Deta Etazini. Pa gen anyen nan Akò sa a ki dwe modifye, chanje, oswa mete okenn baryè pou anpeche privilèj ak libète Pleyan yo déjà genyen, ki gen ladan dwa pou konteste detansyon oswa depòtasyon yo oswa pou mande yon òdonans habeas corpus, dapre Konstitisyon Etazini an oswa nenpòt lòt lwa oswa antant Etazini oswa nenpòt eta, eksepte ke nenpòt reklamasyon ki deklare ke arrestasyon, detansyon, oswa depòtasyon yon Manm Kolektif ki Pa Sitwayen Ameriken an anpeche ilegalman dwa yo pou pouswiv estati legal lè yo marye ak yon sitwayen ameriken ak egzansyon pwovizwa ki prevwa nan 8 C.F.R. § 212.7(e) limite a egzekisyon kondisyon yo ki nan Akò sa a. Pleyan yo dakò pou rejte Pwosè sa a sou tout rezèv dapre kondisyon yo ki nan Akò sa a.

- K.** **Avi yo.** Sòf si yo endike yon lòt fason nan dokiman sa a, nenpòt notifikasyon ki nesesè oswa ki prevwa fèt nan kad Akò sa a dwe fèt alekri epi yo dwe voye 1 pa imel, nan fason sa a

Si se bay Avoka Kolektif la:

Kevin S. Prussia
Jonathan A. Cox
Allyson Slater
Christina Luo
WILMER CUTLER PICKERING
HALE AND DORR LLP
60 State Street
Boston, MA 02109
Telefòn: (617) 526-6000
Faks: (617) 526-5000
kevin.prussia@wilmerhale.com
jonathan.cox@wilmerhale.com
allyson.slater@wilmerhale.com
christina.luo@wilmerhale.com

Adriana Lafaille
American Civil Liberties Union Foundation of Massachusetts, Inc.
One Center Plaza
Suite 850
Boston, MA 02108
(617) 482-3170
alafaille@aclum.org

Kathleen M. Gillespie

Attorney at Law
6 White Pine Lane
Lexington, MA 02421
(339) 970-9283
kathleenmgillespiesq@gmail.com

Si se bay Avoka Defandè yo:

Mary L. Larakers
William H. Weiland
Department of Justice
Civil Division
Office of Immigration Litigation - District Court
Section mary.l.larakers@usdoj.gov
william.h.weiland@usdoj.gov

Chak Pati konsène dwe enfòme lòt Pati a annakò ak dispozisyon sa a si nenpòt moun ki anwo yo oswa adrès imel yo dwe itilize pou voye avi yo chanje.

NOU ENTANSYONÈLMAN KITE RÈS PAJ SA A VID

SE POUTÈT SA, tout pati konsène yo konkli ak egzekite Akò sa a lè yo siyen l, epi yo dakò ke li dwe antre anvigè apati dat li antre anvigè a jan sa endike anwo a.

APWOUVE SOU PLAN FÒMÈL:

Avoka pou pati Defandè yo

MERRICK B. GARLAND
Attorney General

ELIANIS N. PEREZ
Assistant Director

/s/ Mary L. Larakers

Mary L. Larakers (Texas Bar # 24093943)
Trial Attorney
U.S. Department of Justice,
Civil Division Office of Immigration
Litigation,
General Litigation and Appeals Section
P.O. Box 868, Ben Franklin Station
Washington, DC 20044
(202) 353-4419
(202) 305-7000 (facsimile)
mary.l.larakers@usdoj.gov

William H. Weiland
Trial Attorney
U.S. Department of Justice,
Civil Division Office of Immigration
Litigation,
District Court Section
P.O. Box 868, Ben Franklin Station
Washington, DC 20044
[william.h.weiland@usdoj.gov](mailto:wiliam.h.weiland@usdoj.gov)

Avoka pou Petisyonè yo


Kevin S. Prussia (BBO # 666813)
Jonathan A. Cox (BBO # 687810)
Allyson Slater (BBO #704545)
Christina Luo (BBO # 705590)
WILMER CUTLER PICKERING
HALE AND DORR LLP
60 State Street
Boston, MA 02109
Telefòn: (617) 526-6000
Faks: (617) 526-5000
kevin.prussia@wilmerhale.com
jonathan.cox@wilmerhale.com
allyson.slater@wilmerhale.com
christina.luo@wilmerhale.com

Adriana Lafaille (BBO # 680210)
AMERICAN CIVIL LIBERTIES UNION
FOUNDATION OF MASSACHUSETTS, INC.
One Center Plaza
Suite 850
Boston, MA 02108
(617) 482-3170
alafaille@aclum.org

Kathleen M. Gillespie (BBO # 661315)
Attorney at Law
6 White Pine Lane
Lexington, MA 02421
(339) 970-9283
kathleenmgillespieesq@gmail.com